# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН СҮЎРЕТЛЕЎ ӨНЕРИ ТИЙКАРЫНДА ТАЛАБАЛАРДЫҢ КӨРКЕМ-ДӨРЕТИЎШИЛИК УҚЫБЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ЖОЛЛАРЫ

**Т.В.Уразимова -** *көркем-өнер таныў илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** инновация, терминлар, ижтимоий соҳа, педагогика, ўкитиш жараёни, ўктиш усуллари, методология, инновацион технология, тасвирий санъат, ижодкорлик.

**Ключевые слова:** инновация, термины, социальная сфера, педагогика, процесс образования, методы образования, методология, инновационая технология, изобразительное искусство, творчество.

**Key words:** innovation, terms, social sphere, pedagogics, education process, education methods, methodology, innovative technology, graphic arts, creativity.

Соңғы жыллары ҳәр тәреплеме раўажланған, руўхый бай ҳәм креатив жеке адамды қәлиплестириў мәселесине дыққат күшейди. Адамның жеке қәсийетлери, оның руўхый ҳәм саналылық келбети биринши гезекте тәрбия бериў барысында қәлиплеседи. Билимлендириў системасында жеке адамның дүньяға көзқарасын, ақыллылық ҳәм дөретиўшилик мүмкиншиликлерин раўажландырыўды жеделлестириўге жәрдем бериўши сүўретлеў өнери, соның ишинде, Қарақалпақстан сүўретлеў өнери айрықша орын ийелейди. Инсанға тәсир етиўи барынша нәтийжели болыўы ушын сүўретлеў өнери барлық пәнлерди, талабаның барлық жәмийетлик өмирин бирлестириўши, бирден бир болыўы тийис, соның менен бирге ҳәр бир пән ҳәм сабақ түри талабаның эстетикалық мәдениятын ҳәм жеке қәсийетлерин қәлиплестириў исинде анық белгиленген өзиниң мақсетине, ўазыйпасына ийе болыўы тийис. Педагогикалық процесстиң пүткил инсан өмирин шөлкемлестириў процеси екенлигинен ҳәм талабаның барлық қәсийетлериниң оқытыў-тәрбиялаў арқылы тәсир етиўдиң бирден бир системасында тәрбияланатуғынлығынан келип шығатуғын болсақ, гөззаллық талабалардың көз алдында тек ғана көркем өнер дөретпелериниң образлары түринде емес, ал олардың өзлериниң ислеген ислериниң ҳәр қыйлы тараўларында да көриниўи тийис. Оларды избе-излилик пенен гөззаллықты көриўге, сезиўге ҳәм жаратыўға үйретиў керек.

Ҳәзирги заман басқышындағы билим бериў процесиниң ең әҳмийетли мәселеси өмирдиң ҳәр қыйлы тараўларында диалогқа, бирге ислесиўге ҳәм бирге дөретиўшиликке таяр жеке адамды тәрбиялаў ушын зәрүр болған шәраятларды жаратыў болып табылады.

Қарақалпақстан сүўретлеў өнерине оқытыўдың мақсети ҳәм ўазыйпаларының орынланыўына ерисиўде төмендегилерден ибарат болған, оқытыўшының педагогикалық шеберлиги әҳмийетли роль ойнайды:

- гуманистлик педагогика тийкарларын сөзсиз басшылыққа алыў;
- илимий-теориялық таярлығының жоқары дәрежеде болыўы;
- билим бериў процесин шөлкемлестириў усылларын ҳәм жолларын, талабаны көркем-дөретиўшилик жумысқа тартыўдың тийкарлылығына ерисиў механизмин еркин меңгериў;
- өз жумысында көркем искерликтиң көп түрли формаларын қолланыў;
- көркем өнерди изертлеўшилик таллаў методларын миннетли түрде билиў;
- Қарақалпақстан сүўретлеў өнери бойынша тийисли билимге ийе болыў ҳәм оны билим бериў процессине миннетли түрде киргизиў;
- көркем өнер бойынша билимлендириўдиң методологиясын түсиниў.

Қарақалпақстан сүўретлеў өнери бойынша сабақ өтиўде тийкарғы дыққат талабаның дөретиўшилик мүмкиншилигин раўажландырыўға қаратылыўы тийис, сонлықтан талабалардың шеберлигин асырыўда оқытыўдың интератив формалары: ойынлар, тренинглер, шеберлик-класслар, авторлық методикалар әҳмийетли роль ойнайды. Усыған байланыслы методикалық таярлықтың шөлкемлестирилиўи ҳәм мазмунына жаңаша қатнаста болыў зәрүр. Бул жерде тийкарғы идея көркемлик-педагогикалық дөретиўшиликтиң келешектеги раўажланыўына бағдарланған, кәсипшил-педагогикалық искерликти жобаластырыў ҳәм моделлестириўдиң ис жүзиндеги уқыплылықларын ҳәм көнликпелерин қәлиплестириў болып табылады.

Оқытыўшының сүўретлеў усылларын көрсетиўи талабаларға өзлериниң анық тәжирийбелери тийкарында керекли форманы саналы түрде жаратыўды үйретиўши көргизбели-тәсир етиўши усыл болып табылады. Көрсетиў еки түрде болыўы мүмкин: қол менен нусқап көрсетиў ҳәм сүўретлеў усылларын көрсетиў. Барлық жағдайларда да көрсетиў аўызеки түсиндириў менен бирге алып барылады. Нәтийжеде, көзи менен көргенлерине сын көз бенен қатнас жасаў пайда болатуғын, анализлеп ойлаўдың раўажланыўы талабаларға жолдаслары тәрепинен орынланған ҳәм өзи ислеген жумысларды әдиллик пенен баҳалаўға мүмкиншилик береди. Жумысларды анализлеўди ҳәр қыйлы нәзерден алып барыўға болады. Көбинесе, ўақытты үнемлеў ушын педагог анализ ушын бир неше жумысты таңлап алады. Егер олар ҳақыйқатында да басқалардан айрықша болса да, ҳәр сабақ сайын бир оқыўшының жумысларын көрсетиўден аўлақ болыў зәрүр. Бәрқулла мақтаў нәтийжесинде онда жөнсиз менменлик раўажланыўы, өзин басқа оқыўшылардан жоқары санаў сезими пайда болыўы мүмкин. Зейинли талабалар менен олардың уқыплылықларын ҳәм сүўретлеў көнликпелерин есапқа алып жеке жумыс алып барыў керек. Қәлеген оқытыў процеси ушын жеке ислесиў принципи әҳмийетли болып табылады – бул талабаның жеке өзгешеликлерин ҳәм мүмкиншиликлерин есапқа ала отырып оқытып-билим бериў жумысын шөлкемлестириў.

Қарақалпақстан сүўретлеў өнерине оқытыўдың пүткил системасының тийкарында бақлаў методы жатады. Талабалардың дөретиўшилик уқыбының раўажланыўының табыслы болыўы инсанда қоршап турған әтирапты бақлаў, ҳақыйқый өмирдеги қубылыслар арасындағы байланысларды таба алыў, улыўма ҳәм жеке алынған ҳалатларды айыра алыў уқыпларының қандай дәрежеде раўажланғанлығына байланыслы болады. Бирақ оқыўға шекемги бақлаўлардың тек өзи ғана көз бенен көргенлерин сүўретлеўдиң толық мүмкиншилигин тәмийинлей алмайды. Талабаны сүўретлеўдиң арнаўлы усылларына, ҳәр қыйлы сүўретлеў материалларынан пайдаланыў усылларына үйретиў керек. Тек сабақларда тәртиплестирилген оқытыў барысында ғана талабалардың уқыплылық қәбилетлери қәлиплеседи. Сонлықтан сүўретлеў өнери бойынша сабақларда шәртли түрде көргизбели ҳәм аўызеки деп бөлиўге болатуғын ҳәр қыйлы усылларды қолланыў зәрүр.

Педагогикада қабыл етилген анықлама бойынша оқытыў методы алға қойылған мақсетке биргеликте кирисиўди нәзерде тутады, берилген сабақтағы талабаның да, оқытыўшының да барлық искерлигиниң сыпатын белгилейди. Оқытыў усылы – бир қанша жеке алынған, сабақлардағы жумыстың барлық өзине тән айырмашылықларын белгилемейтуғын, тек ғана тар, үйретиў мәнисине ийе болған жәрдемши жол.

Оқытыўдың көргизбели методлары ҳәм усылларына натурадан, картиналардың репродукцияларынан, үлгилерден ҳәм басқа да көргизбели қураллардан пайдаланыў; айырым затларды көзден өткериў; оқытыўшының сүўретлеў усылларын көрсетиўи; сабақтың соңында, исленген жумысларды көрсетиў ҳәм баҳалаў киреди. Оғада көп санлы психофизикалық өзгешеликлер бар болғанлығы себепли, оқытыў ушын бул принцип айрықша әҳмийетке ийе.

Гейде анализлеў ушын жумысларды таңлаўды оқытыўшы талабалардың өзине тапсырады. Бундай жағдайларда барлық жумыслар бир жерге жайып қойылады (ямаса стендке илдириледи) ҳәм талабаларға өзлерине анализ жолы менен таңлап алыў усынылады. Кейин оқытыўшы талабалар менен бирликте таңлап алынған жумысларды бастан аяқ таллап шығады. Сүўретлерди таллаўда оқытыўшы дәслепки ўақытлары сүўреттиң дурыс ямаса надурыс исленгенлиги ҳаққында сораўлар берип оларға жәрдемлеседи. Кейин ала талабалар унамлы ҳәм унамсыз баҳаларды өз бетинше дәлиллейди.

Нәтийжеде талабаларда көркем өнер шығармасын таллаў уқыплылығы раўажланады. Оқытыўшы талабалардың жумысларындағы ойлап табыўшылықты, фантазияны, өз бетинше пикирлеў уқыплылығын хошаметлеўи тийис.

Билим бериў жумысы – бул сезим арқалы қабыл етиўдиң, теориялық пикирлеўдиң ҳәм ис жүзинде жумыс ислеўдиң бирлиги. Ол талабаның өмирдеги ҳәр бир адымында, талабалардың жумыс ислеўиниң ҳәм өз-ара қатнасларының барлық түрлеринде (өндирислик ҳәм жәмийетке пайдалы мийнет, баҳалылыққа бағдарланған ҳәм көркем-эстетикалық жумыс, өз ара қатнасық), ҳәм сондай-ақ оқыў барысындағы ҳәр қыйлы предметлик практикалық ҳәрекетлерди (тәжирийбелер өткериў, конструкциялаў ҳәм т.б.) орынлаў арқалы әмелге асырылады. Бирақ та тек оқытыў барысында ғана билим, оқыў-билим алыў жумысы ямаса тәлиминиң айрықша, тек ғана адамға тән болған, анық көринип туратуғын сыпатына ийе болады.

Қәлеген басқа да процесслер сыяқлы оқытыў да ҳәрекет пенен байланыслы. Ол да бир пүтин педагогикалық процесс сыяқлы, мақсетли дүзилиске ийе, демек оқытыў барысындағы ҳәрекет те талабаны билим алыў жолы менен алға жетелеп, бир оқытыў мәселесинен екиншисине: билмесликтен билимге қарай, толық емес билимнен бираз толығырақ ҳәм анығырақ билимге қарай жүреди. Оқытыў билимди, шеберликти, тәжирийбени ойламастан (механикалық түрде) «бериўден» ибарат емес, себеби оқытыў оның ишинде педагог ҳәм талабалар, сабақ бериў ҳәм үйрениў өз-ара тығыз тәсир етисетуғын еки тәрепли процесс болып табылады. Ҳәм бул жерде талабаның белсендилиги де үлкен роль ойнайтуғынлығы гүмансыз. Белсендилик (тәлим алыўдағы, өзлестириўдеги, мазмундағы ҳәм т.б.) талабаның оның өзиниң жумысының предметин «түсиниў» дәрежесин белгилейди.

Белсендилик дүзилиси төмендеги қурам бөлеклерге ажыралады:

- өз бетинше ислеўге умтылыў;
- тапсырмаларды орынлаўдың саналылығы;
- билим алыўдың үзликсизлиги (системалылығы);
- өзиниң жеке билим дәрежесин көтериўге умтылыў ҳәм басқалар.

Оқытыў барысында жәмәәтлик бирге ислесиў де үлкен роль ойнайды, ол оқытыўшылар арасында кең таралған ҳәм талабалардың өзлеринде де көркем дөретиўшиликке үлкен қызығыўшылық оятады.

Жәмәәт болып сүўретлеў өнери менен шуғылланыў, төмендеги ўазыйпаларды айырып көрсетиўге болатуғын, нәтийжели бирге ислесиў сыпатында қаралады:

- мағлыўматлық (информациялық) – билим беретуғын ҳәм ең баслысы сезим арқалы қабыл етилетуғын мағлыўматлар менен алмасыў;
- қатнаслық (контактлы) – мағлыўмаларды қабыл етиў ҳәм бериў;
- байланыстырыўшылық (координациялық) – ылайықласқанлық ҳәм өз-ара байланыслылық;
- раўажландырыўшы – талабалардың жеке сапалық қәсийетлерин арттырыў.

Солай екен, демек, жәмәәтлик дөретиўшиликтиң өлшем белгиси сыпатында төмендеги көрсеткишлерди атап өтиўге болады:

- улыўма ортақ мақсетлер ҳәм қызығыўшылықлардың саналылығы;
- ҳәр бир талабаның өзин көрсетиўи ҳәм өзиниң ойындағыларын иске асырыўы ушын шәраят жаратыў;
- исеним ҳәм өз ара бир-биреўге жәрдем бериў;
- өз ара бирге ислесиў менен қосылып келетуғын жетекшилик сыпатларын анықлаў.

Қарақалпақстан сүўретлеў өнерине оқытыўдың табыслылығы көп тәрепи бойынша оның мақсетин, мазмунын ҳәм оны әмелге асырыў усылларын дурыс анықлаўға байланыслы болады. Қарақалпақстан сүўретлеў өнерине нәтийжели оқытыў тек ғана оның тәбиятына муўапық келиўши нызамлар, көзқараслар ҳәм қағыйдалар тийкарында мүмкин болады. Сүўретлеў өнери оқытыўшысы талабаның дөретиўшилик потенциалын раўажландырыўдың әҳмийетли бөлеги – оның қыялын раўажландырыў екенлигин умытпаўы тийис. Бул талабада жумыстың бир түринен екиншисине өтиў, қәлеген шәраятқа ийкемлесиў, стандарт емес (таяр үлгилер бойынша емес) дөретиўшилик шешимлерди таба алыў уқыбын қәлиплестиреди. Қыял менен көз алдына келтире алыў уқыплылығы дөретиўшилик жумыслардың ҳәр қыйлы түрлериниң ҳәм көркемлик пикирлеўдиң ҳәр қыйлы типлериниң өз ара тәсир етисиўи жағдайында бир қанша нәтийжелирек раўажланады [1:90-92].

Бул процессте сабақ өтиўдиң қоршап турған тәбият, ҳақыйқый затлық дүнья, миллий мәдений қәдириятлар менен, оларды қабыл етиў, түсиниў, мәнисине жетиў ҳәм өзлестириў арқалы байланыстырылыўын қадағалап барыў зәрүр. Бундай усыл қыялдың жақсы ислеўине жәрдем беретуғын, ҳәр қыйлы инновациялық технологияларды қолланыў шәраятында мүмкин болады.

Өзбекстанның көркем-педагогикалық билимлендириўи, раўажланыўдың узақ даўам еткен жолын басып өтип ҳәм бурыннан топланғанлардан барлық унамлыларын пайдалана отырып, бүгинги күни өзиниң буннан былай жетилисиўиниң жолларын таңлаў алдында тур. Ҳәзирги заман мәдений билимлендириў кеңислиги мәдeният ҳәм көркем өнер тараўлары ушын жоқары қәнигели кадрларды кәсипшил таярлаўға ҳәм көркем ағартыўшылыққа, әдеп-икрамлылық (руўхый) тәрбияға, мәдений дәстүрлерди сақлаўға ҳәм беккемлеўге ҳәм мәденияттағы әўладлардың избе-изли жолын қуўыўшылығына бағдарланған тийисли билимлендириў мәкемелери системасына тийкарланады. Көркем-педагогикалық билимлендириўдиң ҳәзирги замандағы көз қараслары, биринши гезекте, болажақ қәнигелердиң дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыў ушын толық шәраятлар жаратыўды нәзерде тутады.

Ҳәзирги дәўирде көркемлик билимлендириўге айрықша дыққат қаратылыўы себепсиз емес. Көп санлы илимпазлардың ҳәм қәнигелердиң пикири бойынша, билимлендириў Өзбекстан жәмийетиндеги биринши бағдарлар қурамына кириўи, ал билимлендириў тараўы «раўажланыўдың миллий ноқатларының бири» сыпатында таңланыўы тийис. Өзбекстанның бирден бир мәдений кеңислигин, Өзбекстан халықларының көп миллетли мәдений мийрасларын сақлаў ҳәм

раўажландырыў, көркемлик билимлендириў системасын ҳәм илимин жетилистириў мәселелери, және де ҳәзирги замандағы жеке адамның раўажланыўының социомәдений шараятларын сезиниў бүгинги күнниң оғада әҳмийетли мәселелери болып қалмақта [2:98-99].

Көркемлик билимлендириў системасында ислейтуғын ҳәр бир адам, бизлердиң, тек ғана дүньяның илимий картинасын пүткиллей өзгертип қалмастан, ал муғаллим ҳәм оқыўшы, оқытыўшы ҳәм талаба арасындағы әдеттеги, үйреншикли қатнасларды да өзгерткен, постмодерн дәўиринде жасап атырғанлығымызды түсинеди. Ҳәзирги заман мағлыўматлар майданы, мәдений кеңислик ҳақыйқатында да шексиз: Интернет тармағы, китапханалар, аралықтан оқытыў мүмкиншиликлери бар ҳәм булар жеке адамның өсип раўажланыўына ҳәм оның ақыл-ойын раўажландырыў орталығына қосылыўына үлкен мүмкиншиликлер жаратады ҳәм алдымызға әмелий мақсетти-билимлендириўди мағлыўматлы цивилизацияға ылайықлы дәрежеде гуманизациялаўдықойыўға мүмкиншилик береди. Көркемлик билимлендириўди ақылға сәйкеслендириў жеке адамның жәмийетте өз орнын табыўы ушын зәрүр, ҳәм бул билимлендириўдиң ҳәзирги заман философиясы контекстинде гуманистлик идея сыпатында көринеди. Бизиң пикиримизше, бундай позиция көркемлик билимлендириўге болған философиялық көзқарасқа гуманистлик сыпат береди. Ҳәм, бул жерде оқыў процессин тийисли түрде қайта шөлкемлестириў, оқыў планларын, бағдарламаларын қайта ислеп шығыў, жаңа дидактикалық қатнасларды ислеп шығыў керек болады.

**Әдебиятлар**


1. Уразимова Т.В. Сүўретлеў өнери сабағының қурылысының айрықшалығы. Т.В.Уразимова // «Илим ҳәм жәмийет». Әжинияз атындағы НМПИ илимий-методикалық журналы – Нөкис: 2014, № 4, 90-92-б.
2. Уразимова Т.В. Өзбекстан Республикасындағы үзликсиз көркем-педагогикалық билимлендириў. /Т.В.Уразимова // «Илим ҳәм жәмийет». Әжинияз атындағы НМПИ илимий-методикалық журналы – Нөкис: 2019, № 3 98-99-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақола ҳозирги давр таълим мазмуни ва ролининг мақсадини акс эттиради, чунки ўқувчиларни ўзлуксиз ўкитишни фаоллаштириш масаласи ҳозирги замон педагогика илмининг ва иш тажрибасининг энг муҳим масалалари қаторига киради. Уқитишни ташабускорлик асосида амалга ошириш муҳим аҳамиятга эга, чунки ўкитиш ва ривожлантириш харакатчанлик сифатига эга ва ўқитувчилар уқитишининг сифатига боғлиқ. Таъкидлаш лозимки, ушбу сифатларнинг ривожлантирилиши ахлоқий, экологик, ватанпарварлик ва тарбиянинг бошқада ажралиб турадиган турларининг мустаҳкам асосини яратади.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена современному содержанию и роли образовательного процесса. В современном обществе возросло внимание к проблеме непрерывного художественного образования. Не последнюю роль здесь играет эстетическое воспитание, способствующее активизации развития мировоззрения, интеллектуальных и творческих потенций личности. Поэтому процесс образования необходимо основывать на создании условий для воспитания творческой личности, готовой к диалогу, сотрудничеству и сотворчеству в различных сферах жизни.

**SUMMARY**

The article is devoted to the modern content and role of the educational process. Today attention increased in modern society to problem of the continous artistic formation. Not the last role is played here by aesthetic education, contributing to enhance the development of philosophy, intellectual and creative potential of the individual. Therefore, the process of education should be based on creating conditions for education of creative personality, ready for a dialogue, collaboration and co-creation in various spheres of life.


## АХБОРОТ ВА ТЕЛЕКОММУНИКАЦИОН ВОСИТАЛАР ЁРДАМИДА ТАЛАБАЛАРДА ПЕДАГОГИК ҲУРФИКРЛИЛИКНИ ШАКЛЛАНТИРИШ


**Д.Р.Юнусов** – *катта ўқитувчи*

*Жиззах давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** ислоҳот, ахборот, телекоммуникация, таълим, тарбия, шакллантириш, юксак маънавият, шахс, ахборот-таълим муҳити, интеграция.

**Ключевые слова:** реформа, информация, телекоммуникация, образование, воспитание, формирование, личность, информационно-образовательная среда, интеграция, высокая духовность.

**Key words:** reform, information, telekommunication, education, upbringing, formation, personality, information-educational environment, integration, high spirituality.


Ўзбекистон Республикасида олиб борилаётган ислоҳотлар инсон омилига қаратилганлиги сабабли ҳам таълим-тарбия жараёнида ёшларни юксак маънавиятли шахс сифатида шакллантириш масаласи биринчи ўринга чиққан ва у давлат сиёсати даражасига кўтарилган.

Юксак маънавиятли ёшларни тарбиялашда, узлуксиз таълим тизими ва унинг турларининг ўрни беқиёсдир. Шунинг учун ҳам биз ўз изланишларимиз жараёнларида педагогика олий таълим тизимида талабаларнинг маънавий камолотини таркиб топтириш жараёнларида педагогик ҳурфикрлилик кўникма ва малакаларини шакллантиришда қуйидаги ишларни амалга ошириб бордик.

Таълим ва тарбиянинг уйғунлигини эътироф этган ҳолда уни замонавий ахборот ва телекоммуникацион воситалар ёрдамида тўлдириш муҳим аҳамият касб этишини инобатга олган ҳолда талабаларга яна бир бор бу борада маълумотлар бериб ўтилди. Жумладан:

**Ахборот** - агарда тайёрланган маълумотлардан бирор нарса (жараён, ҳодиса) тўғрисида аниқликни ошириш мақсадида фойдаланилса, у ҳолда фойдаланган маълумотларга ахборот деб аталади.

**Ахборот** – истеъмол учун тайёрланган теваракатрофф (манбалар) -дан олинган маълумотлар ахборот деб аталади.

Ахборот воқеа ва ҳодисалар ҳақидаги истеъмолдаги маълумотларни беради. Ҳодиса ва воқеалар мазмунмоҳиятини очиб беради.

Педагогика фани талқинидаги маълумотлар бериш номидаги бўлимда ва таълим-тарбия жараёнидаги барча маълумотларни тўплаб, уларни ўрганилаётган манбага мос тизимларга ажратиб, истеъмолга тайёрлаб беради ва тайёрланган ахборот орқали педагогик фаолият олиб борилади. Ахборот термини кишилик жамиятининг барча жабҳаларида қўлланилади ва улар асосида таълим-тарбия жараёни олиб борилади ҳамда педагогик фаолият бошқарилади.

XXI аср – ахборотлаштирилган жамият сари асрида ахборотнинг роли ва ўрни кундан-кунга ўсиб бораверади ҳамда ахборот саноати вужудга келади.

**Ахборот – (**лотинча “informatio” сўзидан келиб чиққан) – бу бирор-бир далил, воқеа-ҳодисани баён қилиш, тушунтиришни билдиради. Кенг маънодаги **ахборот** моддий дунёнинг у ёки бу томони ва унда содир бўлаётган жараёнларни билдиради. Ахборотни ўрганишда – унинг яратилиши, ўзгартирилиши, фойдаланиш қонунлари ҳисобга олинади [1].

Ахборотлаштириш ахборот жараёнларини ривожлантириш восита ва шароитларининг бутун мажмуи бўлиб, тегишли техник, баъзани яратиш,